



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON LWA SIBLE POU REPRIME MACHIN FANTOM YO

Lapolis Eta Nouyòk ap fè patenarya ak ajans eta ak lokal yo pou ogmante patwouy, detekte plak machin ki fo epi vize chofè agresif ki vyole lwa "Lwa Mete w sou Kote" a

Detay sou Operasyon Verifikasyon Plak apati samdi 2 me pou rive samdi 9 me

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta Nouyòk la ak lòt ajans eta yo, tankou Depatman Veikil ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) ak Otorite Thruway (Thruway Authority) la, ap fè patenarya ak fòs lòd lokal yo pou konbat fwòd sou plak machin ak konpòtman kondwi ki danjere. Pwogram aplikasyon Operasyon Verifikasyon Plak la, ki dire yon semèn, kòmanse samdi 2 me epi kontinye jiska samdi 9 me.

"Chofè k ap itilize fo plak machin oswa sa ki modifiye pou evite peyaj oswa lapolis yo resevwa avètisman — nou pa pran krim sa a alalejè epi y ap gen pou yo rann kont", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Peryòd aplikasyon sa a konsène sekirite epi asire ke moun k ap itilize gran wout, pon ak tinèl nou yo ap peye pèsyon jis pa yo."

Pandan kèk dènye ane yo, fòs lòd yo obsève yon ogmantasyon nan itilizasyon fo plak machin, anplis operatè k ap kouvri, bloke epi degrade plak machin yo volontèman pou evite kamera kontwòl sikilasyon yo, lektè plak machin yo ak peyaj yo.

Pandan peryòd aplikasyon lwa ane sa a, Lapolis Eta a pral ajoute patwouy siplemantè ki konsantre sou idantifye fo plak machin, epi vize chofè agresif yo, ak moun ki vyole "Lwa Mete w Akote" (Move Over Law) eta a. Patwouy yo pral kolabore tou sou detay pou fè respekte plak machin yo avèk DMV ansanm ak lòt patnè fòs lòd yo nan nivo eta ak lokal yo.

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Modifiye, kache oswa itilize plak machin ki fo oswa ki gen fwod se yon tantativ volontè pou evite responsablite sou wout nou yo.. Vyolasyon sa yo pa sèlman pou evite peyaj, yo ka antrave fòs lòd la epi mete sekirite piblik la an danje. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li epi patnè nou yo nan nivo eta ak lokal pou efò yo fè pou rann moun ki angaje yo nan zak ilegal sa yo responsab."

Komisè par entèrim Depatman Veyikil ak Motè Eta Nouyòk la, Christian Jackstadt, te deklare, "Nou pataje priyorite Gouvènè Hochul la pou wout Nouyòk yo an sekirite pou tout moun. Nou konnen twòp moun toujou ap eseye itilize fo plak oswa sa ki modifye pou evite peye peyaj oswa pou komèt yon krim paske yo panse yo ka chape poul yo, epi mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè a ak efò anplwaye DMV nou yo ak patnè lapolis nou yo nan kolaborasyon kontinyèl sa a pou amelyore sekirite piblik nan Nouyòk."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Thruway Eta Nouyòk la se yon sistèm ki finanse pa frè itilizatè, kote revni peyaj la reprezante apeprè 90 pousan nan resous ki nesèsè pou opere, antreteni ak amelyore otowout 917 km (570 mil) nou an. Operasyon Verifikasyon Plak la gen pou objèktif pou edike chofè yo epi asire ke tout moun k ap vwayaje sou Thruway la peye pòsyon jis pa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li, ansanm ak patnè nou yo nan Depatman Veyikil ak Motè Eta Nouyòk ak Lapolis Eta Nouyòk, paske yo ede raple chofè yo responsablite yo pou byen montre plak machin yo epi peye peyaj yo ki kenbe Thruway la an sekirite, fyab epi abòdab."

Pandan operasyon aplikasyon Iwa ane pase a, Lapolis Eta a te bay 3,308 kontravansyon pou vyolasyon plak machin, sa ki te yon ogmantasyon 250 pousan konpare ak 945 kontravansyonyo te bay an 2024. Kontravansyon yo te bay pou anrejistreman yo te sispann yo te ogmante a 57 pousan, ak 83 ke yo te bay an 2025 konpare ak 53 ke yo te bay an 2024.

Anplis kontravansyon yo te bay yo, "Operasyon Verifikasyon Plak" 2025 la te pèmèt yo rekipere 14 machin yo te vòlè.

Nou ankouraje nenpòt chofè ki gen plak machin ki kale oswa ki domaje pou yo vizite sitwèb DMV a kote w ap jwenn enstriksyon detaye pou ranplase plak yo: <https://dmv.ny.gov/plates/peeling-and-damaged-license-plates>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)